



AKADEMI KREYÒL AYISYEN

Rekritman novo akademisyen
ak
manm Konsèy Konsiltatif

GID KANDIDA YO

AKA
jiyè 2017

TAB KONTNI

	Paj
Kontèks rekritman an	5
Rezondèt gid sa a	7
I. Sou rekritman nouveau akademisyen yo	8
1.1. Enfòmasyon ki nesesè pou kandida yo	8
1.1.1. Orijin Akademi kreyòl la	8
1.1.2. Misyon Akademi an	9
1.1.3. Chapant legal Akademi an	10
1.1.4. Travay yon akademisyen ka fè nan Akademi an	10
1.1.5. Tretman yon Akademisyen nan egzèsis fonksyon li	12
1.1.6. Kondisyon yon kandida dwe ranpli pou l vin akademisyen	12
1.1.7. Oryantasyon rekritman nouveau akademisyen yo	13
1.1.7.1. Kad jeneral	13
1.1.7.2. Wòl Konsèy Administrasyon an nan rekritman an	13
1.1.7.3. Konsiderasyon espesyal pou rekritman 2017 la	14
1.1.8. Demach fòmèl pou kandida akademisyen yo fè	14
1.1.8.1. Pyès pou kandida yo depoze	14
1.1.8.2. Lòt demach fòmèl pou kandida akademisyen yo fè	16
1.2. Diferan etap nan seleksyon kandida akademisyen yo	17
II. Sou rekritman pou manm Konsèy Konsiltatif la	19
1.3. Enfòmasyon pou kandida manm Konsèy Konsiltatif la	19
2.1.1. Sa Konsèy Konsiltatif la ye	19
2.1.2. Objektif Konsèy Konsiltatif la	20
2.1.3. Seleksyon manm Konsèy la	20
2.1.4. Dire manda manm yo	21
2.1.5. Travay manm Konsèy Konsiltatif yo	21
2.1.6. Konpansasyon pou manm yo	22
2.1.7. Pwofil manm yo ak konpetans yo	22
2.1.8. Modalite travay nan Konsèy Konsiltatif la	23
2.1.9. Òganizasyon travay Konsèy konsiltatif la nan Akademi an	23
2.1.10. Kominikasyon ant K. Administrasyon an ak K. Konsiltatif la	23

2.1.11. Angajman manm Konsèy Konsiltatif la	24
2.1.12. Demach pou yon moun vin manm Konsèy Konsiltatif la	24
2.1.12.1. Wòl Konsèy Administrasyon an nan demach yo	24
2.1.12.2. Sa regleman yo di sou demach yo	25
2.1.13. Mekanis kolaborasyon Konsèy Konsiltatif la	25
2.1.14. Dokiman ki nesesè pou kandida manm Konsèy Konsiltatif la	27
2.1.15. Lansman aktivite Konsèy Konsiltatif la	27
III. Enfòmasyon ki konsène tout kategori resous yo ansanm	28
3.1. Pou Akademisyen yo	28
3.2. Pou pèsonèl Sekretarya Egzekitif la	29
Anèks : Ekstrè nan Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an	30

**KONTÈKS REKRITMAN NOUVO
AKADEMISYEN YO
AK MANM POU KONSÈY KONSILTATIF LA**

Kat (4) desanm 2014, manm Konsèy Akademisyen yo antre an fonksyon ofisyèlman. Devan gwo reskonsablite Konstitisyon peyi a ba yo, reskonsablite ki jwenn plis presizyon nan Lwa Kreyasyon Akademi an, Konsèy Akademisyen an vin konprann li nesesè pou li pran tout mezi ki ka pèmèt li jwenn mwayen nesesè pou li reyalize misyon li pi vit posib.

Apre dezan fonksyònman, selon divès objektif Akademi an fikse bay tèt li, nan kad plan travay li, li vin konstate sitiyasyon an ap evolye nan anviwònman li, e li oblige chache adapte tèt li ak reyalite ki devan li a, pou 1 ka vanse nan misyon li. Premyèman, sanzatann, li vin manke manm nan Konsèy Akademisyen an, akòz gen Akademisyen ki travèse nan repo etènèl yo. Konsa, pou enstitisyon an fonksyone, selon prensip ki trase nan Lwa Kreyasyon li a, fòk li ranplase manm sa yo, sou baz reprezentasyon divès sektè sosyal ki jwe yon wòl fondamantal nan konstriksyon vitalite lang kreyòl la, richès li ak evolisyon li.

Dezyèmman, nan yon kontèks demokratik, ki favorize dwa pou patisipasyon tout moun san distenksyon – fi kou gason - nan lavi sisyete yo, Ayiti oblige fè jefò pou fi ak gason vin egal nan dwa yo kòm moun. Egzijans sa a valab pou Akademi Kreyòl Ayisyen, ki se yon enstitisyon ki

enskri tèt li nan lojik respè tout nòm, Leta divès peyi chwazi bay tèt yo sou plan entènasyonal, pandan 1 ap chache adapte travay 1 ap fè a avèk reyalite espesifik peyi d Ayiti. Konsa, respè pou rapò balanse nan reprezentativite fi ak gason, se dezyèm gwo egzijans enstitisyon Leta yo ap suiv, e, se youn nan eleman ki enfliyanse inisyativ rekritman sa yo nan Akademi an.

Anfen, twazyèmman, apre Akademi an fin debleye divès chantye li genyen devan li, pou 1 ka bay tèt li divès bra teknik li bezwen nan entèvansyon li, kit sou plan konseptyèl, kit nan mitan popilasyon an, li rive nan faz pou li rekrite manm pou Konsèy Konsiltatif la. Rezon an se paske Konsèy Konsiltatif la se yon antite enpòtan k ap sèvi Akademi an kòm youn nan divès monitè li bezwen pou 1 kontwole jan 1 ap vanse nan mizannèv travay li, epi k ap pèmèt li ateri sou teritwa nasyonal la. Sa ap pèmèt popilasyon an patisipe seryezman nan pwosesis chanjman sosyal ak nan entèvansyon sou lang peyi a.

Akademi Kreyòl Ayisyen an rete de bra louvri, ap tann nouvo Akademisyen yo ak manm Konsèy Konsiltatif la, e li espere kandida yo va byen konprann enpòtans travay enstitisyon an ap fè nan peyi a pou li bay lang kreyòl plas li merite. Tout sa, se pou pèmèt tout sitwayen san distenksyon rive jwi dwa lengwistik yo, gras ak lang kreyòl la, ki se premye patrimwàn imateryèl zansèt yo kite pou jenerasyon jodi a.

*Konsèy Administrasyon
Akademi Kreyòl Ayisyen.*

REZONDÈT GID SA A

Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an prepare gid sa a pou li pataje enfòmasyon ak tout moun ki enterese konnen kichòy sou Akademi an, sitou sila yo ki ta vle vin Akademisyen oswa manm Konsèy Konsilitatif la.

Gid sa a ap ede moun ki vle vin kandida pou youn nan kalite plas sa yo, jwenn tout enfòmasyon k ap pèmèt yo konnen ki demach pou yo fè pou yo poze kandidati yo, ki travay k ap tann yo epi ki preparasyon yo kapab kòmanse fè.

I. Sou rekritman nouvo Akademisyen

1.1. Enfòmasyon ki nesesè pou kandida yo

Pou ane 2017 la, Akademi Kreyòl Ayisyen an rantre nan demach pou li resevwa 6 nouveau manm nan Akademi an. Konsa, yon kandida ki vle vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen an, fèt pou li konnen:

- i) Orijin Akademi Kreyòl la ;
- ii) Misyon Akademi an ;
- iii) Chapant legal Akademi an;
- iv) Travay yon Akademisyen ka fè nan Akademi an;
- v) Tretman yon Akademisyen nan egzèsis fonksyon li ;
- vi) Kondisyon yon kandida dwe ranpli pou li vin Akademisyen ;
- vii) Oryantasyon rekritman nouvo Akademisyen yo;
- viii) Demach fòmèl pou kandida Akademisyen yo fè;
- ix) Diferan etap nan seleksyon kandida Akademisyen yo.

1.1.1. Orijin Akademi Kreyòl la

Akademi Kreyòl Ayisyen an se rezulta anpil efò divès sitwayen nan sosyete sivil la fè pou egzije Leta Ayisyen rekonèt dwa lengwistik majorite moun nan popilasyon Ayiti a ki genyen kreyòl sèlman kòm lang pou yo esprime yo. Se demach ki kòmanse depi sou Lokipasyon Amerikèn (1915-1934). Apre sa, Konstitisyon 1987 la fè

lang kreyòl la tounen yon lang ofisyèl pou peyi a, nan atik 5 li. Sa vle di se yon lang Leta peyi a dwe itilize nan tout sikonstans, yon lang Ayisyen ka itilize nan kèlkeswa okazyon an, kit se nan kad enfòmèl, kit se nan kad fòmèl (Atik 24-3, atik 40 ak atik 213, Konstitisyon 1987). Se sèten, yon Ayisyen ki vle vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen an déjà konnen tout istwa batay ki pèmèt Akademi Kreyòl Ayisyen an kòmanse fonksyone ofisyèlman nan dat 4 desanm 2014.

1.1.2. Misyon Akademi an

Devan lalwa, Akademi Kreyòl Ayisyen an gen misyon pou li:

- 1) Travay sou lang kreyòl la (Atik 4, Lwa Kreyasyon Akademi an);
- 2) Garanti dwa lengwistik tout Ayisyen sou tout sa ki konsène lang kreyòl la (Atik 4, Lwa Kreyasyon an);
- 3) Sèvi referans pou lang kreyòl la nan peyi a (Atik 5, Lwa Kreyasyon an);
- 4) Pran yon seri dispozisyon pou li fè pwomosyon ak defans lang kreyòl la (Atik 6 Lwa Kreyasyon an);
- 5) Defini tout travay Akademi an gen pou li fè (atik 11).

1.1.3. Chapant legal Akademi an

Atik 13 Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl la prevwa 4 (kat) ògàn pou fonksyònman li:

- i) Yon konsèy Akademisyen, ki se enstans ki pi wo nan Akademi an. Se tout Akademisyen yo ansanm ki fòme li;
- ii) Yon Konsèy Administrasyon ki gen reskonsablité mennen politik Akademi an jan Konsèy Akademisyen an defini li ;
- iii) Yon Sekretarya Egzekitif k ap okipe jesyon toulejou Akademi an dapre direktiv Konsèy Administrasyon an;
- iv) Yon Konsèy Konsiltatif ki la pou bay Konsèy Administrasyon an dizon li (konsèy) sou travay ekip teknik la, sou ki jan Akademi an ap mache ak sou oryantasyon Akademi an, dapre atik 33 Lwa Kreyasyon an.

1.1.4. Travay yon Akademisyen ka fè nan Akademi an

Men kalite travay k ap tann yon kandida lè li vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen an:

- i) Yon Akademisyen kapab travay nan Konsèy Administrasyon Akademi an (KAd), lè Asanble a vote pou li antre nan Konsèy Administrasyon an.

Men sa Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an prevwa nan kad travay Konsèy Administrasyon an:

- ii) Yon Akademisyen ka travay nan yon komisyon teknik. Komisyon teknik yo se antite ki pwodui refleksyon estratejik ki pèmèt elaborasyon yon zouti teknik ki kapab ede KAd la mete gran desizyon estratejik Asanble a ann aplikasyon. Yon Akademisyen ka antre nan nенpòt komisyon tematik, depi konpetans li genyen nan yon branch ak disponiblite li genyen, ap pèmèt li travay nan komisyon an. Men kèk komisyon nou jwenn nan Akademi an, annatandan: Komisyon Syantifik, Komisyon Kominikasyon, Komisyon Edikasyon, Komisyon bidjè, eksétera. Yon moun ki vle vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen an dwe konnen Konsèy Administrasyon an ka mande li vin travay nan yon komisyon.
- iii) Lòt fason yon Akademisyen ka travay pou Akademi an se mache fè konferans, kozri, rankontre popilasyon an, toupatou nan peyi a. Konferans sa yo ka fèt sou enpòtans lang kreyòl la pou Ayisyen, sou dwa lengwistik sitwayen yo nan peyi a, sou misyon Akademi an, eksétera.
- iv) Yon Akademisyen ap bezwen disponiblite pou li patisipe nan delegasyon ki pral rankontre otorite Leta yo, lòt reskonsab enstitusyon entènasyonal oswa divès reprezantan sosyete sivil la.
- v) Yon Akademisyen dwe toujou disponib nan espas kote 1 ap evolye pou li fè pwomosyon lang

kreyòl la epi nan defann dwa lengwistik majorite populasyon an.

- vi) Etid ak espéryans yon Akademisyen ka detéminte ki diferan kalite travay li ka fè nan Akademi an.

1.1.5. Tretman yon Akademisyen nan egzèsis fonksyon li

Dapre konstitusyon an (atik 214), Akademisyen se yon tit onorifik, sa vle di se yon dekorasyon. Leta pa peye Akademisyen yo. Men, lè yon Akademisyen vin manm Konsèy Administrasyon an, li resevwa yon prim fòfetè chak mwa. Akademisyen yo ka resevwa prim pou deplasman oswa pou lòt travay kote yo te depanse resous pèsonèl yo. Lè konsa, fòk Akademisyen an ka bay prèv sou depans li fè yo. Epi tou, regleman entèn nan prevwa nan ki kondisyon yon Akademisyen ka resevwa lajan pou travay li fè pou Akademi an.

1.1.6. Kondisyon yon kandida dwe ranpli pou 1 vin Akademisyen

Atik 20 Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an di pou yon moun vin gen tit Akademisyen, li dwe :

- a) Ayisyen, fi kou gason;
- b) Gen 40 lane pou pi piti;
- ch) Ap jwi dwa sivil li ak dwa politik li, epi li pa gen pwoblèm ak lajistis;

- d) Moun ki travay, ki fè rechèch nan lang kreyòl la osnon sou lang kreyòl la; ki pwodui bon jan travay an kreyòl osnon sou lang kreyòl la, travay ki gen bon jan valè pou avansman ak devlòpman lang kreyòl la;
- d) Moun, sosyete a déjà rekonèt zèv li ap fè pwomosyon pou lang kreyòl la.

Atik 22 Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an di : Akademisyen yo ap sòti toupatou nan peyi a, nan tout domèn. Se enstitisyon ki ap travay sou lang kreyòl la k ap pwopoze moun sa yo.

Atik 23-1 menm Lwa a di se Konsèy Akademisyen an ki ap genyen pou chwazi lòt manm ki pou rantre yo.

1.1.7. Oryantasyon rekritman novo akademisyen yo

1.1.7.1. Kad jeneral

Atik 20-25 Lwa kreyasyon Akademi an fikse kondisyon pou yon moun vin manm Akademi an.

1.1.7.2. Wòl Konsèy Administrasyon an nan rekritman an

Se Konsèy Administrasyon Akademi an ki evalye travay ki gen pou fêt nan divès komisyon nan Akademi an epi k ap reflechi sou reprezantasyon divès gwoup enterè nan sosyete a anndan Akademi an. Li kapab pwopoze, li kapab oryante seleksyon kandida yo dapre bezwen Akademi an, oswa dapre reprezantativite gwoup sosyal yo anndan Akademi an. Se konsa, nan dènye Asanble Jeneral

la (16-18 desanm 2016), Konsèy Akademisyen an te soulve pwoblèm parite fi ak gason nan Akademi an: 5 fi pou 28 gason, rive jis kounye a. Konsa, Konsèy la te tou panche sou pwoblèm reprezantasyon sektè vodou a depi lè Ati Max Beauvoir ki te reprezante sektè a, mouri. Sou baz sa a, Konsèy Administrasyon an te fè Asamble a konprann, menm si seleksyon nouvo manm yo p ap pèmèt yo korije dezekilib ki genyen nan reprezantasyon gwoup sosyal yo nèt anndan Akademi an, men, omwens, seleksyon an ta dwe fèt yon fason pou pèmèt Akademi an retabli ekilib la firanmezi 1 ap resevwa nouvo manm, epi firanmezi manm ki la yo prale.

1.1.7.3 Konsiderasyon espesyal pou rekritman 2017 la

Li enpòtan pou Akademi an presize enpòtans kontribisyon tèminoloji vodou a nan leksik lang kreyòl ayisyen an, yon kontribisyon ki montre ki jan li enpòtan pou toujou gen prezans moun ki gen konpetans teknik nan rapò ant lang kreyòl la ak vodou a, sou tout kalite plan.

Se pou rezon sa yo, rekritman nouvo manm Akademi an pral fèt ak lide pou ogmante prezans moun ki ka pote pawòl de (2) gwoup sosyal ki konsène yo (vodou ak fanm) nan Akademi an. Ki fè, sou 6 nouvo manm Akademi an ap resevwa yo, ta sipoze gen 4 fi pou pi piti epi 2 moun pou sektè vodou a.

1.1.8. Demach fòmèl pou kandida Akademisyen yo fè

1.1.8.1. Pyès pou kandida yo depoze

Kòm demach fòmèl, yon kandida Akademisyen dwe prezante :

- i) oriijinal ekstrè achiv batistè li epi depoze kopi ekstrè a ;
- ii) kat matrikil fiskal li ;
- iii) oriijinal ak 2 kopi yon pyès idantite ki gen foto kandida a (Kat Idantifikasyon Nasyonal (KIN/CIN), paspò, lisans) ;
- iv) 2 foto idantite ki pa gen plis pase 12 mwa;
- v) Kourikoulòm vite kandida a (CV) ki gen adrès imel li ak telefòn li ;
- vi) Lèt motivasyon kandida a, ki esplike ki jan li konprann travay l ap genyen pou li fè kòm manm Akademi Kreyòl Ayisyen an, disponiblite li genyen ak vizyon li sou jan li konprann travay Akademi an gen pou fè a ;
- vii) Lis travay li pwodui nan lang kreyòl oswa sou lang kreyòl ;
- viii) Yon sètifika « bòn vi ak bon mès » (bonne vie et mœurs), dwayen tribinal la ba li ;
- ix) Orijinal ak kopi diplòm, sètifika ak lòt atestasyon kandida a genyen ;
- x) Lèt rekòmandasyon enstitisyon ki andose dosye kandida a ;

Apre sa :

- xi) Kandida ap rankontre Komisyon Rekritman an pou yon entèvyou.

1.1.8.2. Lòt demach fòmèl pou kandida Akademisyen yo fè

Jan atik 22 Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an an di li, se yon enstitisyon ki travay sou lang kreyòl ki pou pwopoze dosye yon kandida. Yon moun ki vle vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen an, ap genyen:

- i) Pou li suiv lè Sekretarya Egzekitif Akademi an fè anons piblik pou 1 fè konnen Akademi Kreyòl Ayisyen an pral rekrite nouvo Akademisyen. Anons lan ap tou presize ki sa lalwa di pou yon moun vin Akademisyen. L ap tou ankouraje sektè sosyal Konsèy Administrasyon Akademi an sible yo, pou yo kòmanse demach pou yo prezante kandida yo genyen, bay Akademi an.
- ii) Kandida a ap prepare tout pyès Akademi an mande yo. L ap remèt yo bay enstitisyon k ap andose dosye li a.
- iii) Enstitisyon an ap fè Sekretarya Egzekitif Akademi an jwenn dosye konplè kandida a.
- iv) Sekretarya a ap remèt moun ki depoze pyès yo pou enstitisyon an, yon akize resepsyon.
- v) Sekretarya Egzekitif Akademi an ap rete an kontak avèk Kandida a pou sizoka li ta bezwen kandida a.
- vi) Yon Akademisyen pa ka andose dosye yon kandida pèsonèlman. Fòk se yon enstitisyon ki depoze dosye a.

1.2. Diferan etap nan seleksyon kandida Akademisyen yo

Etap 1: Sekretarya Egzekitif la ap fè yon anons piblik, pou li di Akademi Kreyòl Ayisyen an pral rekrite nouvo manm. Anons la ap presize ki dènye jou pou kandida yo depoze dosye yo.

Etap 2: Sekretarya Egzekitif la ap resevwa dosye kandida yo. L ap tou verifye si chak kandida yo depoze tout pyès yo.

Etap 3 : Firamezi Sekretarya Egzekitif la ap resevwa dosye yo, Konsèy Administrasyon an ap voye yon Tèm Referans bay Komisyon Rekritman an epi 2 antite yo ap antann yo sou li.

Etap 4: Tout pandan etap 1 ak etap 2 ap reyalize, Komisyon Rekritman an ap fikse metòd travay li ak zouti evalyasyon dosye kandida yo, selon Tèm Referans lan, epi nan tout respè kondisyon lalwa egzije pou sa fêt.

Etap 5 : Komisyon Rekritman an ap soumèt Konsèy Administrasyon an yon pwopozisyon metodoloji ak zouti pou evalyasyon dosye yo, pou apwobasyon.

Etap 6: Komisyon Rekritman an ap evalye dosye yo. L ap genyen twa (3) mwa pou li fè sa. Pandan tan sa a, nan yon korespondans, Konsèy Administrasyon an ap voye lis kandida yo bay Akademisyen yo, ansanm ak dokiman travay Komisyon Rekritman an prepare a, pou li enfòme yo sou pwosesis evalyasyon dosye yo ak evolisyon rekritman an.

Etap 7 : Apre evalyasyon dosye kandida yo, Komisyon Rekritman an ap fè yon rapò bay Konsèy Administrasyon an pou li prezante li rezulta travay evalyasyon dosye yo.

Etap 8: Se nan yon Asanble Jeneral, Konsèy Akademisyen an ap chwazi nouvo Akademisyen yo nan lis kandida Komisyon Rekritman an te pwopoze yo.

Etap 9: Sekretarya Egzekitif la ap transmèt enstitisyon ki andose kandida yo, rapò konplè sou rezulta evalyasyon an (metodoloji ak zouti evalyasyon), pandan 1 ap ekri chak kandida an patikilye pou l fè yo konnen kilès Akademi an seleksyone kòm nouvo Akademisyen.

Etap 10: An menm tan, Sekretarya Egzekitif la ap fè yon anons pou li fè piblik la konnen kilès Akademi an seleksyone kòm nouvo Akademisyen, apre pwosesis li te deklannche a, epi 1 ap fè yo konnen nan ki dat Akademi an ap fè seremoni pou li resevwa nouvo Akademisyen yo ofisyèlman.

II. Sou rekritman pou manm Konsèy Konsiltatif la

2.1. Enfòmasyon pou kandida manm Konsèy Konsiltatif la

Yon moun ki vle vin manm Konsèy Konsiltatif Akademi Kreyòl Ayisyen an dwe genyen sèten ransèyman tankou sa nou pral jwenn tousuit yo, selon « Dokiman Referans pou Konsèy Konsiltatif » la ak Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl la :

- i) Sa Konsèy Konsiltatif la ye;
- ii) Objektif Konsèy Konsiltatif la ;
- iii) Seleksyon manm Konsèy la ;
- iv) Dire manda manm yo;
- v) Travay manm yo ;
- vi) Konpansasyon pou manm yo ;
- vii) Pwofil ak konpetans manm yo;
- viii) Modalite travay nan Konsèy Konsiltatif la;
- ix) Òganizasyon travay Konsèy Konsiltatif la nan Akademi an;
- x) Kominikasyon ant Konsèy Administrasyon an ak Konsèy Konsiltatif la;
- xi) Angajman manm Konsèy Konsiltatif la.

2.1.1. Sa Konsèy Konsiltatif la ye

- i. Konsèy Konsiltatif la se youn nan kat (4) ògàn Akademi Kreyòl Ayisyen an (atik 13, 33). Li la pou li konseye KAd la sou fonksyònman Akademi Kreyòl Ayisyen an. Li ede Akademi an nan oryantasyon travay pwomosyon pou lang kreyòl la, nan lide pou garanti dwa lengwistik sitwayen ayisyen yo;
- ii. Daprè atik 32 Lwa Akademi Kreyòl Ayisyen an, Konsèy Konsiltatif la reyini tout kalite moun,

nan divès enstitisyon sosyal oubyen piblik, ki ap travay pou pwomosyon lang kreyòl ayisyen an nan tout kominote nan peyi a, tankou nan peyi etranje. Konsèy Konsiltatif la se yon ògàn ki la pou bay sèvis konsiltasyon sèlman. Manm li yo pa gen dwa pran desizyon pou Akademi Kreyòl Ayisyen an. Epitou, yo pa la pou yo antre nan aksyon ki konsène jesyon oubyen fonksyònman Akademi an dirèk dirèk, sèl si y ap bay lide yo sou fonksyònman enstitisyon an, an jeneral, nan sousi pou gen amelyorasyon.

2.1.2. Objektif Konsèy Konsiltatif la

Prensipal objektif Konsèy Konsiltatif la nan Akademi an se bay Konsèy Administrasyon an konsèy estratejik, konsèy syantifik ak konsèy teknik sou tout divès aktivite Akademi an. Se nan lide pou enstitisyon an byen ranpli misyon li, jan Lwa kreyasyon an mande li a.

2.1.3. Seleksyon manm Konsèy la

Pou yon moun vin manm Konsèy Konsiltatif la, se pou li :

- i) voye yon lèt motivasyon pou Konsèy Administrasyon an apwouve oswa se pou li resevwa envitasyon fòmèl ki sòti nan KAd la;
- ii) jistifye kouman li ka kolabore nan yon domèn kèlkonk pou avansman lang kreyòl la;
- iii) montre li disponib;
- iv) ranpli tout demach administratif pou li vin manm;
- v) patisipe nan yon chita pale avèk Konsèy Administrasyon an;

vi) resevwa yon lèt akzeptasyon ki soti nan Konsèy Administrasyon an.

Remak enpòtan: seleksyon manm yo ap fèt sou baz respè prensip parite fi ak gason, Akademi an ap defann nan.

2.1.4. Dire manda manm yo

Manda manm Konsèy konsiltatif se de (2) lane. Li renouvlab selon disponiblité manm yo, selon apresyasyon Konsèy Administrasyon an fè sou sèvis yo bay yo, epi selon nesesite ki genyen tou.

Akademi an gen dwa pa renouvele manda yon manm Konsèy Konsiltatif ki pa satisfè esperans Akademi an.

2.1.5. Travay manm Konsèy Konsiltatif la

Men wòl manm Konsèy Konsiltatif la:

- Bay konsèy sou fason Akademi an ap aplike plan estratejik global li;
- Bay Akademi Kreyòl Ayisyen an konsèy pou ede 1 amelyore entèvansyon li ak prezans li nan mitan popilasyon an;
- Sèvi kòm youn nan entèmedyè ant Akademi an ak divès sektè sosyal sou teritwa nasyonal la tankou aletranje, yon fason pou pèmèt Akademi an fè aktivite li yo ateri tout kote ki gen yon kominote ayisyen;
- Fasilité entèraksyon ant Akademi an ak lòt enstitisyon prive kou piblik ki pataje menm enterè avèk li pou lang ak kilti kreyòl, yon fason pou Akademi an mete

sou pye yon gwo rezo enstitisyon patnè pou ede li ranpli misyon li.

2.1.6. Konpansasyon pou manm yo

- i) Manm Konsèy Konsiltatif pa gen salè, se benevola yo ap fè;
- ii) Akademi an ap pran frè deplasman ak lòt depans ki nesesè sou responsablite li, pou pèmèt manm Konsèy Konsiltatif yo fè travay yo;
- iii) Lè Konsèy Administrasyon an jije li nesesè, li kapab toujou ba yo yon Sètifikasi oswa yon plak Onè ak Merit.

2.1.7. Pwofil ak konpetans manm yo

Konsèy Konsiltatif la gen twa (3) kategori manm. Chak kategori manm yo gen fonksyon pa yo nan konsèy la. Twa (3) kategori manm yo se:

- i) Kategori espesyalis (Ayisyen kou etranje) nan tout branch lakonesans ki enterese nan devlòpman lang kreyòl la epi ki dispoze kolabore avèk Akademi Kreyòl Ayisyen an. Fòk moun ki enterese yo genyen yon diplòm inivèsite, nivo lisans pou pi piti nan yon domèn, epi yo dwe gen eksperyans pwofesyonèl twa (3) lane pou pi piti nan domèn Akademi an bezwen yo travay pou li a. Si yo nan domèn atistik, yo dwe demonstre konpetans yo apati travay yo déjà fè (**apati yon pòtfolyo**);
- ii) Manm ki nan kategori komite rejyonal yo, ki reprezante divès enstitisyon sosyal osnon enstitisyon piblik, ki enterese nan travay Akademi an;
- iii) Manm ki nan divès òganizasyon ayisyen aletranje.

2.1.8. Modalite travay nan Konsèy Konsiltatif la

- i) Konsèy Administrasyon an kapab bay Sekretarya Egzekitif la dwa pou li òganize rankont travay avèk espesyalis yo, oswa avèk komite rejonal yo, sou sijè ki fè pati misyon Akademi an;
- ii) Divès branch Konsèy Konsiltatif yo kapab òganize tèt yo an komite rejonal pou yo akonpli travay yo sou dosye Konsèy Administrasyon an va soumèt yo.

2.1.9. Òganizasyon travay Konsèy Konsiltatif la nan Akademi an

Konsèy Administrasyon an kapab genyen komision konsiltatif ki pou ede li nan travay li, nan divès domèn entèvansyon Akademi an. Se atik 33 Lwa Kreyasyon Akademi an ki mande sa.

2.1.10. Komunikasyon ant Konsèy Administrasyon an ak Konsèy Konsiltatif la

- i) Konsèy Administrasyon an ka voye dokiman bay espesyalis ki nan Konsèy Konsiltatif la pou yo bay opinyon yo sou yon dosye kèlkonk lè sa nesesè ;
- ii) Konsèy Administrasyon an gen dwa kontakte manm Konsèy Konsiltatif la, li kapab gwoupe yo an Komision espezialize pou ede li nan travay li gen pou li fè, selon nesesite a ;

iii) Chak komisyón teknik anndan Konsèy Akademisyen an gen responsabilite defini tach yon komisyón konsiltatif sou yon dosye, fè suivi dosye ki al jwenn komisyón an epi evalye travay komisyón an fè sou li a.

2.1.11. Angajman manm Konsèy Konsiltatif la

Manm Konsèy Konsiltatif la dwe :

- Siyen yon pwotokòl angajman Konsèy Administrasyon an prepare pou sa ;
- Siyen kòd etik Akademi an epi respekte li;
- Respekte prensip konfidansyalite Akademi an;
- Patisipe nan reyinyon travay Komisyón ki konsène yo a;

2.1.12. Demach pou yon moun vin manm Konsèy Konsiltatif la

2.1.12.1. Wòl Konsèy Administrasyon an nan demach yo

Se Konsèy Administrasyon an ki deside sou ki baz li ap fè rekritman nouvo manm pou Konsèy Konsiltatif la. Konsèy Administrasyon an deside rekritman manm pou Konsèy Konsiltatif la apati dosye li ap travay ki rive nan yon faz pou li chache konsiltasyon nan men espesyalis ki déjà montre enterè yo pou yo kolabore avèk Akademi Kreyòl Ayisyen an. Konsèy la kapab deside rekrите manm yo sou baz zòn nan peyi a kote prezans Akademi an bezwen sipò moun ki sou teren an, moun ki déjà deside kolabore avèk Akademi an.

Sekretarya Egzekitif la ap genyen yon bank done ki gen dosye tout moun ki montre yo enterese pou yo vin manm Konsèy Konsiltatif la. Bank done sa a ap genyen : non ak siyati moun nan, tip kolaborasyon li ka bay (espesyalis teknik oswa sipò rejjonal), nan ki domèn moun nan ka kolabore, yon rezime travay li fè oswa li ka fè, ki montre Akademi an ka konte sou kontribisyon li.

2.1.12.2. Sa regleman yo di sou demach yo

Anvan tout demach fòmèl, Komisyon pou Konsèy Konsiltatif la dwe fè yon evalyasyon enfòmèl pou li konnen ki kalite kout men kandida a ka bay Konsèy Administrasyon an. Apre sa, kandida a ap genyen pou li:

- i) voye yon lèt motivasyon pou Konsèy Administrasyon an apwouve kandidati li a. Oubyen kandida a ap resevwa yon envitasyon fòmèl, ki sòti nan Konsèy Administrasyon an, pou li antre nan Konsèy Konsiltatif la kòm manm;
- ii) jistifye kouman li ka kolabore nan yon domèn kèlkonk pou avansman lang kreyòl la;
- iii) montre nan ki limit li disponib pou li kolabore avèk Akademi an
- iv) ranpli tout demach administratif pou li vin manm;
- v) patisipe nan yon chita pale avèk Konsèy Administrasyon an;
- vi) Resevwa yon lèt akseptasyon ki sòti nan Konsèy Administrasyon an.

2.1.13. Mekanis kolaborasyon Konsèy Konsiltatif la

Konsèy Administrasyon an klase travay Konsèy Konsiltatif la an de (2) nivo. Konsa, vin genyen de (2) kalite manm nan Konsèy Konsiltatif la: i) espesyalis teknik yo; ii) reprezantan rejyonal yo ak reprezantan òganizasyon ayisyen aletranje yo.

Tout pandan Konsèy Administrasyon an ap travay sou sèten dosye, li kapab mande avi teknik Konsèy Konsiltatif la.

Konsèy Administrasyon an gen dwa deside remèt yon dosye bay yon sèl manm Konsèy Konsiltatif la ki pou ba li yon opinyon teknik byen presi, selon domèn konpetans espesifik li.

Konsèy Administrasyon an gen dwa deside remèt yon dosye bay plizyè manm separe (maksimòm twa (3)), pou yo chak bay opinyon teknik yo apa.

Konsèy Administrasyon an gen dwa deside mande yon gwoup manm travay sou yon dosye pou yo pwodui yon opinyon teknik pou Konsèy Administrasyon an.

Pou chak dosye teknik Konsèy Administrasyon an remèt Konsèy Konsiltatif la, fòk Konsèy Administrasyon an presize sou ki pwen li plis bezwen opinyon Konsèy Konsiltatif la, (kit se yon manm, kit se yon gwoup, eksetera).

Konsèy Administrasyon an gen dwa mande yon Komisyon teknik Akademi an travay avèk yon manm oswa yon gwoup nan Konsèy Konsiltatif la sou yon dosye.

Sekretarya Egzekitif la ap jere dosye komite rejjonal yo nan plas Konsèy Administrasyon an, depi Konsèy Akademisyen an fin apwouve (dosye) yo.

2.1.14. Dokiman ki nesesè pou kandida manm Konsèy Konsiltatif la

- i) Fòmilè enskripsyon
- ii) Lèt Motivasyon ak angajman
- iii) Rezime travay kandida a deja fè
- iv) Lòt Dokiman

2.1.15. Lansman aktivite Konsèy Konsiltatif la

Apre echanj nan mitan manm Asanble Akademisyen an, Konsèy Administrasyon an ap genyen pou li fikse nan ki dat Akademi an ap resevwa manm Konsèy Konsiltatif yo ofisyèlman.

III. Enfòmasyon ki konsène tout kategori resous yo ansanm (Akademisyen, manm Konsèy Konsiltatif, pèsonèl Sekretarya Egzekitif)

Tout resous k ap travay pou Akademi an, nan kèleswa kategori yo ye, dwe konnen wòl chak ògàn desizyonèl yo, wòl ògan administratif ak wòl ògàn teknik ki egziste nan chapant Akademi an. Gid sa a ap pèmèt ni kandida Akademisyen, ni kandida manm Konsèy Konsiltatif, ni pèsonèl Sekretarya Egzekitif la, konnen ki kalite kolaborasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an ap tann nan men chak kalite resous yo, ki jan kolaborasyon sa a ka fèt, epi ki mwayen Akademi Kreyòl Ayisyen an dispoze fè yo jwenn pou yo ka bay Akademi an kout men.

An prensip, li enpòtan pou chak kategori resous yo fè yon kout je sou Anèks gid sa a, kote y ap jwenn yon ekstrè Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an.

3.1. Pou Akademisyen yo

Akademisyen yo dwe deja konnen wòl chak ògàn ki nan chapant Akademi Kreyòl Ayisyen an. Akademisyen yo ap genyen pou yo travay avèk sèten manm Konsèy Konsiltatif la sou kèk dosye Akademi an ap mete devan yo. Li bon pou Akademisyen yo konnen sou ki baz kolaborasyon ap fèt nan chak sitiyasyon, paske kolaborasyon an ka fèt sou baz endividyèl (Konsèy Administrasyon an kontakte yon manm Konsèy Konsiltatif la), li ka fèt nan gwoup travay (Konsèy Administrasyon an monte yon gwoup travay ak plizyè manm Konsèy Konsiltatif la), li ka fèt nan kolaborasyon

ak yon komite rejyonal, apati manda Konsèy Administrasyon an bay Sekretarya Egzekitif la.

3.2. Pou pèsonèl Sekretarya Egzekitif la

Sekretarya Egzekitif la ap genyen pou li jere bank dosye kandida yo ansanm ak dosye moun ki deja manm yo. Menm jan avèk Akademisyen yo, li posib pou anplwaye nan Sekretarya Egzekitif la kolabore ak yon manm, ak yon gwoup travay oswa ak yon komite rejyonal Konsèy Konsilitatif la. Manm pèsonèl Sekretarya Egzekitif la dwe konnen sou ki baz reglementè kolaborasyon an kapab fèt.

ANÈKS:

**EKSTRÈ NAN LWA KREYASYON
AKADEMI KREYÒL AYISYEN AN**

EKSTRÈ NAN

LWA KREYASYON AKADEMI KREYÒL

AYISYEN AN

TIT I

DISPOZISYON JENERAL

CHAPIT I: NON AK SYÈJ AKADEMI AN

Atik 1- Lwa sa a kreye "Akademi Kreyòl Ayisyen" an jan Konstitisyon 1987 amande a mande l nan atik 213 ak 214-1.

Atik 2- Syèj ofisyèl *Akademi Kreyòl Ayisyen* an nan Pòtoprens. Konsèy Akademisyen yo ka deside transfere li nenpòt kote sou teritwa nasyonal la si sa nesesè.

CHAPIT II: ESTATI AK MISYON AKADEMI AN

Atik 3- *Akademi Kreyòl Ayisyen* an se yon enstitisyon leta. Li endepandan e li kouvri tout peyi a. Li gen karaktè administratif, kiltirèl ak syantifik.

Atik 4- *Akademi Kreyòl Ayisyen* an se yon enstitisyon leta ki gen konpetans pou li travay sou lang kreyòl la jan Konstitisyon 1987 **amande a egzije 1**. Li la pou garanti dwa lengwistik tout Ayisyen sou tout sa ki konsène lang kreyòl la.

Atik 5- *Akademi Kreyòl Ayisyen* an se referans pou lang kreyòl la nan peyi d Ayiti, kit nan pale, kit nan ekri, nan enstitisyon leta kou prive.

Atik 6- *Akademi Kreyòl Ayisyen* an gen pou li:

a) Pran tout dispozisyon pou tout enstitisyon leta kou prive fonksyone nan lang kreyòl la selon prensip, regleman ak devlòpman lang nan;

- b) Pran tout dispozisyon pou ankouraje enstitisyon ak moun k ap pwodui nan lang kreyòl la suiv prensip ak regleman lang nan ;
- ch) Pran tout dispozisyon pou ede popilasyon ayisyen an jwenn tout sèvis li bezwen nan lang kreyòl la.
- d) Pran tout dispozisyon pou ede epi ankouraje tout biwo leta - kit se pouvwa egzekitif, kit se pouvwa legislatif kit se pouvwa jidisyè - respekte Konstitisyon an nan zafè lang.
- e) Sèvi kòm referans pou lang kreyòl la pou tout sa ki konsène estandardizasyon lang nan, kit se nan peyi d Ayiti, kit se nan lòt peyi kote Ayisyen yo tabli;
- f) Fè tout sa ki nesesè pou Ayiti jwe wòl li kòm lidè nan monn kreyolofòn nan.

Atik 7-*Akademi Kreyòl Ayisyen* an granmoun tèt li devan Lajistis, li responsab tèt li nan zafè jesyon, administrasyon ak finans.

Atik 8- Leta ayisyen dwe mete tout mwayen finansye ak tout resous nesesè pou *Akademi Kreyòl Ayisyen* an fonksyone kòmsadwa.

Atik 9- *Akademi Kreyòl Ayisyen* an gen dwa chèche lajan epi resevwa tout lòt kalite resous li bezwen pou li fonksyone.

Atik 10- *Akademi Kreyòl Ayisyen* an ap jere finans ak resous li yo selon prensip kontablite piblik.

TIT II TRAVAY AKADEMI AN

Atik 11- *Akademi Kreyòl Ayisyen* an genyen misyon pou li:

- a) Fè tout sa ki nesesè pou ankouraje pwodiksyon nan lang kreyòl ;

- b) Ankouraje eksperyans pèp la ap fè nan dekouvèt, nan kreyasyon, nan pwodiksyon l ap fè an kreyòl, kit se pwodiksyon oral, kit se pwodiksyon ekri;
- ch) Fè tout sa ki nesesè pou fè kreyòl la gen bonjan reyònman ak prestij nan je popilasyon ayisyen an ak nan je lòt popilasyon yo ;
- d) Travay epi siveye pou gen relasyon ki byen balanse nan jan enstitisyon yo ap sèvi ak lang yo nan sosyete a;
- e) Travay pou enstitisyon leta yo aplike Konstitisyon an nan piblikasyon tout dokiman ofisyèl yo nan lang kreyòl:
- f) Fè pwopozisyon sou fason moun kapab sèvi ak lang kreyòl la nan kòminikasyon piblik nan peyi a.
- g) Ankouraje travay sou devlòpman zouti tankou gramè, diksyonè, leksik nan tout domèn;
- h) Ankouraje travay sou pwogram fòmasyon teknik pou tout sektè ki bezwen fòmasyon avanse nan lang kreyòl;
- i) Fè envante tout moun k ap travay sou lang kreyòl ak espesyalis nan tout domèn k ap pwodui nan lang kreyòl;
- j) Fè envantè pwodiksyon k ap fèt nan lang kreyòl ak pwodiksyon sou lang kreyòl anndan peyi a kou deyò;
- k) Ankouraje epi pwopoze bonjan travay rechèch sou lang kreyòl la;
- l) Travay pou enstitisyon rejyonal yo sèvi ak lang kreyòl la pou entegrasyon popilasyon kreyolofòn yo.

Atik 12 - Nan akonplisman misyon li, Akademi Kreyòl Ayisyen an genyen pou li:

- a) Bay rekonesans piblik pou rezulta rechèch ak tout travay ki fèt sou lang kreyòl la tankou envantè, diksyonè, travay sou sentaks, tèminoloji, leksik, fonoloji, regleman sou ôtograf ak lòt zouti enpòtan pou lang nan ;

- b) Bay rekòmandasyon sou ankèt ak travay ki dwe fèt pou lang kreyòl la tankou envantè, diksyonè, travay sou sentaks, tèminoloji, leksik, fonoloji, regleman sou ôtograf lang nan, ak lòt zouti enpòtan pou lang nan ;
- ch) Bay konsiltasyon epi sèvi referans sou sa ki konsène lang kreyòl la ;
- d) Bay rekòmandasyon ki nesesè sou jan pou yo sèvi ak lang kreyòl, epi sou travay ki dwe fèt pou lang kreyòl la kontinye sèvi popilasyon ayisyen an nan dekouvèt, nan kreyasyon, nan pwodiksyon oral oswa ekri;

TIT III ÒGÀNIZASYON AKADEMI KREYÒL AYISYEN AN

CHAPIT I:

Atik 13- *Akademi Kreyòl Ayisyen* an ap fonksyone ak kat (4) ògàn:

- a) Yon Konsèy Akademisyen;
- b) Yon Konsèy Administrasyon;
- ch) Yon Konsèy Konsiltatif;
- d) Yon Sekretarya Egzekitif

Seksyon 1: Misyon ak travay Konsèy Akademisyen an

Atik 14- Konsèy Akademisyen an se pi gwo otorite Akademi Kreyòl Ayisyen an. Se li ki dwe bay oryantasyon pou Akademi an fonksyone kòmsadwa.

Atik 15- Konsèy Akademisyen an gen pou Li:

- a) Defini politik jeneral Akademi an;
- b) Fè elekson pou chwazi manm Konsèy Administrasyon yo;

- ch) Pran desizyon kraze Konsèy Administrasyon an si sa ta nesesè apre dizon 2/3 nan Konsèy Akademisyen an;
- d) Konvoke Konsèy Administrasyon an pou mande li rann kont sou travay l ap fè.

Pran desizyon ki nesesè sou sa ki konsène misyon *Akademi Kreyòl Ayisyen* an.

Souseksyon 1.1- Fonksyònman Konsèy Akademisyen an

Atik 16- Konsèy Akademisyen an reyini chak ane nan seyans òdinè sou envitasyon Konsèy Administrasyon an, epi nan seyans ekstwòdinè chak fwa sa nesesè.

Atik 17- Konsèy Akademisyen an kapab pran desizyon kòmsadwa lè 2/3 pou piti nan manm li yo prezan nan seyans lan. Si yo pa jwenn kowòm, Konsèy Akademisyen an ap reyini nan yon delè 15 jou fran. Si apre de (2) seyans yo pa rive jwenn kowòm, Konsèy Akademisyen an kapab pran desizyon kèlkeswa kantite manm li ki prezan.

Atik 18- Pou yon desizyon nan Konsèy Akademisyen an pase, fòk majorite manm ki prezan nan seyans lan vote pou li (sa vle di mwatye manm konsèy Akademisyen an plis youn).

Souseksyon 1.2: Kondisyon, kantite, reprezantasyon ak manda Akademisyen an.

Atik 19- “Akademisyen” se yon tit onorifik. Moun ki gen tit “Akademisyen” p ap travay pou lajan, li pa gen salè, jan atik 214 Konstitisyon 1987 amande a mande li.

Atik 20- Pou yon moun vin gen tit Akademisyen, li dwe:

- a) Ayisyen, fi kou gason;
- b) Gen 40 lane pou pi piti;

Ch) Ap jwi dwa sivil ak politik li, epi li pa gen pwoblèm ak lajistik;

d) Moun ki travay, ki fè rechèch nan lang kreyòl la osnon sou lang kreyòl la; ki pwodui an kreyòl osnon sou lang kreyòl bon jan travay ki gen bon jan valè pou avansman ak devlopman lang kreyòl la;

d) moun sosyete a déjà rekonèt zèv li ap fè pwomosyon pou avansman Lang kreyòl la.

Atik 21- Kantite Akademisyen yo nan *Akademi Kreyòl Ayisyen* an se 33 pou pi piti, 55 pou pi plis.

Atik 22- Akademisyen yo ap soti toupatou nan peyi a nan tout domèn. Se enstitisyon ki ap travay sou lang kreyòl la k ap pwopoze moun sa yo.

Atik 23- Se enstitisyon ki fòme " Komite Inisyativ pou mete *Akademi Kreyòl Ayisyen* an kanpe" ak enstitisyon ki te aktif nan òganize Kòlòk oktòb 2011 lan, k ap gen pou chwazi premye manm yo nan lis yo va resevwa. Enstitisyon sa yo se:

Inivèsite Leta d Ayiti,

Ministè levasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl;

Ministè Kilti;

Fakilte Lengwistik Aplike (FLA);

Jounal Bon Nouvèl,

Konfederasyon Nasyonal Vodouyzan Ayisyen;

Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS).

Atik 23-1 Se Konsèy Akademisyen an ki ap genyen pou chwazi lòt manm ki pou rantre yo.

Atik 24- Akademisyen yo kapab soti nan nenpòt sektè, nan nenpòt kote nan peyi a, depi yo respekte kondisyon ki nan atik 20 an.

Atik 25- Yon moun Akademisyen pou lavi diran, tout Akademisyen se mamm Konsèy Akademisyen an. Yon Akademisyen pèdi tit li le li pèdi dwa sivil ak politik li, le li pa respekte prensip etik Akademi an tabli.

Atik 26- Si yon Akademisyen demisyone, oubyen mouri, oubyen gen gwo pwoblèm sante ki fè li pa ka fonksyone, Konsèy Akademisyen an ap gen pou ranplase 1 dapre regleman entèn Akademi an.

Atik 27- Konsèy Akademisyen an ap tabli Regleman fonksyònman entèn li ak yon Kòd etik li jan lalwa mande li.

Seksyon 2: *Misyon, fonksyònman ak travay Konsèy Administrasyon an*

Atik 28- Konsèy Administrasyon fòme ak sèt (7) Akademisyen ki soti nan eleksyon ki fêt anndan Konsèy Akademisyen yo. Manm Konsèy Administrayon an p ap travay pou lajan men yo va genyen prim pou reyinyon.

Atik 29- Konsèy Administrasyon an sèvi entèmedyè ant-Konsèy Akademisyen an ak Sekretarya Egzekitif la.

Atik 30- Konsèy Administrasyon an gen pou li:

- a) Bay oryantasyon estratejik;
- b) Apwouve plan Aksyon Sekretarya Egzekitif la;
- ch) Apwouve bidjè Akademi an selon bezwen chak sèvis;
- d) Sanksyone rapò Sekretarya Egzekitif la;
- e) Bay dizon li sou regleman entèn Akademi an;
- t) Pran tout kalite mezi pou asire bon fonksyònman Akademi an;
- g) Prezante rapò travay li bay Konsèy Akademisyen an.

Atik 31- Konsèy Administrasyon an gen pou li reyini chak twa (3) mwa. Nan dènye reyinyon pou lane a, li ap

envite reprezantan twa pouvwa yo (egzekitif, lejislatif, jidisyè) kòm obsèvatè.

Seksyon 3 : Konposizyon ak wòl Konsèy konsiltatif la

Atik 32- Konsèy Konsiltatif la ap gen de (2) kalite manm: yon ekip espesyalis ayisyen kou etranje ki reprezante divès rejyon, yon ekip moun ki reprezante divès enstitisyon sosyal. Tout se moun ki ap travay pou pwomosyon lang kreyòl nan tout kominote nan peyi a tankou nan peyi etranje.

Atik 33 - Wòl Konsèy Konsiltatif la se bay Konsèy Administrasyon an dizon li sou travay ekip teknik la, sou kijan Akademi an ap mache, sou oryantasyon Akademi an.

Atik 34- Se Konsèy Akademisyen an ki chwazi manm Konsèy Konsiltatif la sou baz nivo eksperyans yo nan dòmen travay yo ak nan pwodiksyon nan lang kreyòl la.

Seksyon 4: Misyon, konpozisyon ak travay Sekretarya Egzekitif la

Atik 35- Sekretarya Egzekitif la se ògàn egzektif *Akademi Kreyòl Ayisyen* an.

Atik 36- Misyon Sekretarya Egzekitif la se asire jesyon estratejik Akademi an an pèmanans,

Atik 37- Sekretarya Egzekitif la gen yon Sekretè egzekitif ki gen divès sèvis teknik sou responsabilite li.

Atik 38- Aksyon Sekretarya Egzekitif la angaje Akademi an devan lajistis.

Atik 39- Sekretè Egzekitif la ap reponn devan Lajistis pou Akademi an.

Atik 40- Travay Sekretarya Egzekitif la se :

- Asire jesyon ak bon fonksyònman Akademi an;

- b) Fè pwopozisyon bay Konsèy Administrasyon an sou jan pou yo sèvi ak bidjè Akademi an selon bezwen chak sèvis;
- ch) Asire nominasyon pèsonèl Akademi an ;
- d) Asire aplikasyon rezolisyón ak desizyon Konsèy Administrasyon an;
- e) Mande Konsèy Administrasyon an pou òganize seyans ekstwòdinè si sa nesesè ;
- f) Reprezante Akademi an nan peyi a tankou nan lòt peyi ;
- g) Tabli rapò ak lòt enstitisyon depi sa nesesè ;
- h) Patisipe nan reyinyon Konsèy Administrasyon an, men li p ap gen dwa vote.

Atik 41- Sekretarya Egzekitif la ap monte divès seksyon ak sèvis pou asire fonksyònman Akademi an.

CHAPIT II: ÒGÀN PIBLIKASYON

Atik 42- *Akademi Kreyòl Ayisyen* an kreye yon ògàn piblikasyon ki rele “Bilten Akademi Kreyòl la”

“Bilten Akademi Kreyòl la” ap sèvi pou pibliye ansanm dispozisyon, rezolisyón ak desizyon Akademi an pran sou lang kreyòl ayisyen an.

Atik 43- “Bilten Akademi Kreyòl la” ap parèt yon fwa chak ane. Konsèy Akademisyen an ka deside fè piblikasyon espesyal si sa nesesè.

TIT IV

RELASYON AKADEMI AN AK LÒT ENSTITISYON LETA YO

Atik 44- *Akademi Kreyòl Ayisyen* an se yon enstitisyon ki transvèsal, se pou sa li ap gen pou li tabli akò

kolaborasyon ak tout ministè ki gen yon wòl pou yo jwe nan travay Akademi an.

Atik 45- Desizyon *Akademi Kreyòl Ayisyen* an pran ap pibliye nan jounal Monitè, nan Bilten Akademi an epitou Laprimati ap mete yo sou fòm sikilè pou tout administrasyon publik la.

Atik 46- Chak lane, *Akademi Kreyòl Ayisyen* an ap fè yon rankont travay ak chak pouvwa yo separeman: youn ak Palman an, youn ak Pouwwa Jidisyè a epi yon lòt la ak Pouwwa Egzekitif la sou travay yo fè pandan lane a, pou pataje satisfaksyon ak pwoblèm yo genyen - youn pa rapò ak lòt - epi pou diskite sou bidjè Akademi an.

TIT V

DISPOZISYON TRANZITWA

Atik 47- Akademi Kreyòl Ayisyen an gen pou li veye:

- a) Pou tout fonksyonè leta jwenn fòmasyon nan lang kreyòl, nan yon delè 3 lane;
- b) Pou tout lwa yo tradui nan lang kreyòl nan yon delè ki pa depase 3 lane;
- ch) Pou Palman an vote tout lwa yo ni an kreyòl ni an franse nan yon delè si (6) mwa;
- c) Pou Leta pran angajman pou tout anplwaye li yo ak tout administrasyon li yo kapab fonksyone nan lang kreyòl.

TIT VI

DISPOZISYON FINAL

Atik 48 - Lwa sa a anile tout Lwa ak Dispozisyon Lwa, tout Dekrè Lwa ak Dispozisyon Dekrè Lwa, tout Dekrè ak Dispozisyon Dekrè ki depaman ak li.

Atik 49 - Lwa sa a gen pou pibliye epi pou aplike san pèdi tan sou tout teritwa nasyonal la.

Li vote nan Sena Republik la, jou ki lendi 10 desanm 2012, nan 209 èm ane Endepandans lan.
